رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

нохчийн | شيشاني | كَيْفِيَّةُ صَلَاةِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

# Пайхамаран ﷺ ламазан сипат


Лараме Шейх
Iабдул-Iазиз ибн IабдуллахI ибн Баз

كَيْفِيَّةُ صَلَاةِ النَّبِيِّ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ

# Пайхамаран ﷺ ламазан сипат

لِفَضِيلَةِ الشَّيْخِ العَلَّامَةِ
عَبْدِ العَزِيزِ بْنِ عَبْدِ اللَّهِ بْنِ بَازٍ
غَفَرَ اللَّهُ لَهُ وَلِوَالِدَيْهِ وَلِلْمُسْلِمِينَ

Ларамe Шейх
Iабдул-Iазиз ибн IабдуллахI ибн Баз

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

# Пайхамаран ﷺ ламазан сипат

Лараме Шейх
Iабдул-Iазиз ибн IабдуллахI ибн Баз

## Къинхетаме а, Къинхетам бийриг а волчу АллахIан цIарца

Хастам бу Ша Цхьаъ волчу АллахIана, ткъа Делера салам-салават хуьлда Цуьнан лайна а, Элчанна а волчу вайн Пайхамарна Мухьаммадна а, Цуьнан доьзална а, Цуьнан асхьабашна а. Ткъа цул тIаьхьа:

ХIара Пайхамаран ﷺ ламазан куц билгалдеш долу доцца дешнаш ду, ас хIора бусалба стагана а, зудчунна а хьалха дехкина, и девзинчу хIораммо а оцу тIехь цуннах масал эцарехь къахьегийтархьама; Пайхамара ﷺ аьлла хиларна:

(صَلُّوا كَمَا رَأَيْتُمُونِي أُصَلِّي).

« Со шена ламаз деш ма-гарра, иштта ламаз дойла аша»[1]. Ткъа дешархочунна цуьнан билгал дакхар ду:

1- Ламаз кхачаме эцар, иза ду - Сийлахь-Веза волчу АллахIа омра ма-дарра ламаз эцар, Цо

[1] Аль-Бухарис дийцина, лоьмарца (605).

аьллачуьнца догӀуш:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ إِذَا قُمۡتُمۡ إِلَى ٱلصَّلَوٰةِ فَٱغۡسِلُواْ وُجُوهَكُمۡ وَأَيۡدِيَكُمۡ إِلَى ٱلۡمَرَافِقِ وَٱمۡسَحُواْ بِرُءُوسِكُمۡ وَأَرۡجُلَكُمۡ إِلَى ٱلۡكَعۡبَيۡنِ...﴾

﴾ХӀай, иман диллинарш! Шу ламазе хӀиттахь, шайн юьхьаш а, гоьллеш тӀекхаччалц шайн куьйгаш а дила, шайн кортошна масхьа а де, хьоркаш тӀекхаччалц шайн когаш а дила...﴿. [Аль-Ма́идат: 6]. Аят.

иштта Пайхамаран ﷺ дешнаш а:

(لَا تُقْبَلُ صَلَاةٌ بِغَيْرِ طُهُورٍ).

(ЦӀано йоцуш дина ламаз къобал хир дац)[1].

иштта Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен ламаз вон диначуьнга аьлла:

(إِذَا قُمْتَ إِلَى الصَّلَاةِ، فَأَسْبِغِ الْوُضُوءَ).

( Хьой ламазе хӀуттуш хенахь, ламаз кхоччуш эцалахь)[2].

2- Ламаз дийриг, миччахьа велахь а, шен дерриг дегӀаца Къилбехьа вирзина хила веза, иза КаӀбат ду. Шен даг чохь ша дан лаамаллин ламазан ният а дина – парз ду и я суннат ду –. Ният маттаца ца олу цо, хӀунда аьлча и маттаца алар шарӀо магина дац, ткъа бидӀат ду, хӀуна ду аьлча, Пайхамара (АллахӀера салам а, маршалла

[1] Муслима дийцина, лоьмарца (224).

[2] Бухарис дийцина, лоьмарца (5782).

а хуьлда цунна) а, цуьнан асхьабаша а (АллахI реза хуьлда царна) и маттаца ца аларна. Имам волуш я ша цхьаъ ламаз деш велахь, шена хьалха цьа хIума а хIоттайо. Къилбехьа верзар ламазан бехкам бу, Iеламнехан жайнашкахь билгалъяьхна йолчу цхьайолчу меттигашкахь доцург.

3- «АллохIу акбар» аьлла, ламаз дехкарна такбираца, шен хьажар сужуд ден метте дерзина.

4- Такбир олучу хенахь шен ши куьг айдо, белшийн я лергийн барамехь.

5- Куьйгаш некха тIе дуьллу, аьтту куьг аьрру куьйган кантIе а, хьостантIе а, пхьарсантIе а хIоттош; иза Пайхамарера ﷺ чIагIделла хиларна.

6- Суннат ду истифтахь-дуIа дешар, иза ду:

(اللَّهُمَّ بَاعِدْ بَيْنِي وبيْنَ خَطَايَايَ، كما بَاعَدْتَ بيْنَ المَشْرِقِ والمَغْرِبِ، اللَّهُمَّ نَقِّنِي مِنَ الخَطَايَا كما يُنَقَّى الثَّوْبُ الأبْيَضُ مِنَ الدَّنَسِ، اللَّهُمَّ اغْسِلْ خَطَايَايَ بالمَاءِ والثَّلْجِ والبَرَدِ).

(Йа АллахI, малхбаленна а, малхбузенна а юккъе Ахьа генало ма-йарра, суна а, сан къиношна а юккъехь генало йе. Йа АллахI, кIайн бедар боьхаллех ма-цIанйарра, къиношех цIанве Ахьа со. Йа АллахI, дила Ахьа сан къинош

хица а, лайца а, шаца а)[1].

Ткъа шена лаахь, цунна меттана олу:

(سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وبِحَمْدِكَ، وَتَبَارَكَ اسْمُكَ، وَتَعَالَى جَدُّكَ، ولَا إِلَهَ غَيْرُكَ).

(ЦIена ву-кх Хьо, я АллахI, хастам а бу Хьуна, декъала а ду Хьан цIе, лекха а ду Хьан сий, Хьо воцург кхин дела а вац)[2], Пайхамарна ﷺ тIера бакъ хилла схьадеъна долчу кхечу истифтахьдоIанех цо цхьаъ дича а, хIумма а дац. Амма гIолехь дерг - цкъа цхьаъ, вукхузза важа дар ду, хIунда аьлча иза тIаьхьавазарехь сов дуьззина хиларна. Цул тIаьхьа олу: «АIу́зу биллахIи минаш-шайтIа́нир-раджи́м. БисмиллахIир-рохьма́нир-рохьи́м», тIаккха «аль-Фатихьат» сурат доьшу, цо ﷺ аьлла хиларна:

(لَا صَلَاةَ لِمَنْ لَمْ يَقْرَأْ بفَاتِحَةِ الكِتَابِ).

(Аль-Фатихьат(бисмал) сура ца дешначун ламаз хир дац)[3]. Цул тIаьхьа «Амин» олу – хезаш дечу ламазашкахь хезаш, ткъа хезаш ца дечу ламазашкахь – лахха. ТIаккха Къуръан тIера шена аттаниг доьшу. ГIоли дерг ду «аль-Фатихьат» дийшинчул тIаьхьа делкъа, малхбуза, пхьуьйра ламазашкахь юккъерчу муфассал декъера (сураташ) дешар, Iуьйра

---

[1] Иза дийцина аль-Буха́рис, лоьмарца (744), Муслима а, лоьмарца (598).

[2] Муслима дийцина, (399).

[3] Бухарис дийцина, (756).

ламазехь – дехачарех, ткъа маьркIаж-ламазехь цкъа дехачарех, ткъа цкъа доцачарех дешар, оцу хьокъехь деанчу хьадисашца догIуш.

7- «АллахIу акбар» олуш, ши куьг белшаш я лергаш тIе кхаччалц ай а дина, рукуIе воьду. Корта букъаца нис а бой, пIелгаш дIасадахийтина, ши куьг гонаш тIе дуьллу. РукуIехь синтем а бо, «Субхьáна Роббиял-Iазы́м» а олу. Иза кхузза я цул сов алар гIолехь ду. Цуьнца цхьана иштта алар а дика лоруш ду:

(سُبْحَانَكَ اللهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، اللهُمَّ اغْفِرْ لِي).

(Субхьáнака Аллóхlумма вабихьамдика, АллóхIуммагIфирли́)[1].

8- РукуIера корта айбо, ши куьг белшаш я лергаш тIе кхаччалц хьалаайдеш, олуш: (СамиIАЛлохIу лиман хьамидахI) - нагахь сан и имам велахь а, йа ша цхьаъ ламаз деш велахь а-, гIоттуш олу:

(رَبَّنَا ولَكَ الحَمْدُ حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ مِلْءَ السَّمَواتِ ومِلْءَ الأرضِ، ومِلْءَ ما شِئتَ مِن شيءٍ بَعدُ).

(Робба-нá ва Ля-каль-хьамду хьамдан каси́рон тIоййибан мубáрокан фи́хIи мильа с-самавáти ва мильаль-арды, ва мильа ма шиъта мин шай-ин баIду.)[2].

---

1 Дийцина аль-Бухарис (817) а, Муслима (484) а.

2 Аль-Бухáрис (711) а, Муслима (598) а дийцина.

Ткъа нагахь иза имаман т1аьхьахоьттин велахь, цо рукуIера хьалаайлуш олу: «Роббана́ ва лакалхьамд», хьалха дийцинчун чаккхенга кхаччалц. Нагахь царех хIораммо а — аьлча а, имамо а, цун т1аьхьахоьттин волучо а, ша ламаз дечо а — тIетохахь...

(أهْلَ الثَّنَاءِ والْمجْدِ، أحقُّ مَا قَالَ العَبْدُ، وكُلُّنَا لَكَ عَبْدٌ: اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أعْطَيْتَ، ولَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، ولَا يَنْفَعُ ذَا الجَدِّ مِنْكَ الجَدُّ).

(А́хIла-с-сана́-и ва-ль-мажди, ахьакъу ма́ къо́ла-ль-Iабду, ва куллуна́ лака Iабдун: Алла́хIумма ла́ ма́ниIа лима́ аIтIойта, ва ла́ муIтIыйа лима́ манаIта, ва ла́ йанфаIу за-ль-жадди минка-ль-жадду.)[1]. Иза дик хьадис ду, Пайхамаргараﷺ иза сецна хиларна.

Дика лоруш ду царех хIораммо а – аьлча а, имамо а, цунна тIаьхьахIоьттинчо а, ша ламаз дечо а – шен ши куьг накха тIе диллар, рукуIе вахале хьалха лаьтташ ма-варра, Ваил ибн ХIуджран а, СахIл ибн СаIдан а (АллахI реза хуьлда цаьршинна) хьадисехь Пайхамарера ﷺ цун т1енисвеш дерг чIагIделла хиларна.

9- «АллахIу акбар» аьлла, сужуде воьду, иза дан аьтто белахь, шен куьйгаш тIе хIиттале хьалха голаш охьайохкуш. Нагахь иза дан хала делахь, голаш тIе хIиттале хьалха куьйгаш охьадоьхку. Шен когийн а, куьйгийн а пIелгаш

[1] Муслима дийцина, (477).

къилбехьа хьажийна, ткъа куьйгийн пӀелгаш вовшахтоьхна, дӀаса а ца даржош. Сужуд до шен ворхӀ межен тӀехь: хьокха а, мара а, ши куьг а, ши гол а, когийн пӀелгийн буьхьигаш а.Сужудаьхь Олу: «Субхьана Роббиял-АӀла». Иза кхузза я цул сов алар суннат ду. Цуьнца цхьан иштта алар а дика ду:

(سُبْحانَكَ اللَّهُمَّ رَبَّنا وبِحَمْدِكَ، اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي).

(Субхьáнака АллóхӀумма Роббанá вабихьамдика, АллóхӀуммагӀфирлú) кхи ДоӀа дараьхь сов волу, Пайхамара ﷺ аларна:

(أَمَّا الرُّكُوعُ، فَعَظِّمُوا فِيهِ الرَّبَّ، وَأَمَّا السُّجُودُ، فَاجْتَهِدُوا فِي الدُّعَاءِ، فَقَمِنٌ أَنْ يُسْتَجَابَ لَكُمْ).

(Ткъа рукуӀ-ехь Дела воккхавелаш, ткъа сужудаьхь доӀанехь къахьегалаш, хӀунда аьлча шуна жоп дала герга ду)[1].

Ткъа Шен Делега дуьненан а, эхартан а дикалла йоьху, И ламаз парз делахь а, я суннат делахь а, иштта шен пхьаьрсаш агӀонех, гай хьорканех, хьорканаш настаршех дӀахоьцур ду, шен куьги голаш лаьттах хьала а ойур ю, Пайхамара ﷺ аьлла хиларна:

(اعْتَدِلُوا فِي السُّجُودِ، ولَا يَبْسُطْ أَحَدُكُمْ ذِرَاعَيْهِ انْبِسَاطَ الْكَلْبِ).

(Суждашкахь нийса хилалаш, шух цхьаммо а

1 Муслима дийцина, лоьмарца (479).

шен пхьаьрсаш жӀаьло санна ма даржадойла)[1].

10- «АллахӀу акбар» аьлла, корта хьала а айбина, аьрру ког бийшина, цунна тӀе охьа а хиъна, аьтту ког хьала а нисбой, ши куьг шен варешний, гоьллешний тӀе а диллина, олу:

(رَبِّ اغْفِرْ لِي وَارْحَمْنِي وَاهْدِنِي وَارْزُقْنِي وَعَافِنِي وَاجْبُرْنِي).

(РоббигӀфирли́ вархьамни́ вахӀдини́ варзукъни́ ваӀа́фини́ ваджбурни́.)[2]. Кху охьахаарехь паргӀат хуьлу.

11- АллахӀу акбар аьлла, шолгӀа сужд до, цу чохь а, хьалхарчу суьждехь ма-дарра до.

12-АллахӀу акбар а олуш, корта айбо, тӀаккха ши сужд юккъехь хуьлуш ма-хиллара, дай охьахуу. Цунах садаӀаран охьахаар олу. Иза мустахьабб ду, нагахь и дитанехь, цунна къа дац. Цу чохь зикр а, доӀа а дац. Цул тӀаьхьа шолгӀачу ракаӀате хьалагӀотту, нагахь атта делахь, шен голашна тӀе тевжаш, ткъа нагахь хала делахь – латта тӀе куьйгаш а доьхкуш. ТӀаккха «Ал-Фāтихьат»(бисмал) сурат а, цул тӀаьхьа Къуръан чуьра атта делларг а доьшу. Цул тӀаьхьа хьалхарчу ракаӀатехь динчу кепара до.

13- Намаз ши ракаӀат долуш делахь, – Ӏуьйра-

---

1 Хьадис дийцина аль-Бухарис, лоьмар (788), иштта Муслима а, лоьмар (493).

2 Дийцина ат-Тирмизийс (284), Абу Даудас (850), Ибн Ма́джах1ас а (898).

ламаз, рузба-ламаз, шина Іида-ламаз санна долу, – шен шолгІачу сужданера корта айбинчул тІаьхьа охьахуур ву, аьтту ког хьала а нисбина, аьрру ког буха а биллина. Шен аьтту куьг аьттучу варех дуьллур ду, дерриге пІелгаш а дІакъевлина, хьажо пІелг боцург, цуьнца Товхьиде ишарат а деш. Ткъа нагахь санна аьтту куьйган цІаза пІелг а, маза пІелг а дІа а къевлина, нана-пІелг а, юккъерниг а вовшах а хьарчийна, хьажо пІелг хьала а айбина ишарат дахь а – иза а дика ду; хІунда аьлча, и ши кеп а Пайхамарара ﷺ чІагІъелла ю. ГІолехь дерг – цкъа цхьа кеп лелор а, ткъа вукхузза важа кеп лелор а ду. Аьрру куьг аьрручу варех а, голаш тІе а дуьллур ду. Цул тІаьхьа, иштта Іаш волуш, атхьиг доьшур ду, иза ду:

(التَّحِيَّاتُ لله والصَّلَوَاتُ والطَّيِّبَاتُ، السَّلَامُ عَلَيْكَ أيُّها النبيُّ ورَحْمَةُ الله وبَرَكَاتُهُ، السَّلَامُ عَلَيْنَا وعلى عِبَادِ الله الصَّالِحِينَ، أَشْهَدُ أنْ لا إِلَهَ إلَّا الله وأَشْهَدُ أنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ ورَسولُهُ).

(Аттахьиййáту ли-Ллах1и ва-с-солавáту ва-ттІоййибáту. Ас-салáму Іалайка аййухІа-ннабиййу ва-рохьмату-ЛлохІи ва баракáтухІу. Ас-саламу Іалайнáа ва Іалá Іибади-ЛлахІи-с-сóлихьи́на. АшхІаду ан-лá илáхІа илла-ЛлохІу ва ашхІаду анна Мухьаммадан ІабдухІу ва росýлухІу.). ТІаккха олу:

(اللَّهُمَّ صَلِّ علَى مُحَمَّدٍ وعلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كما صَلَّيْتَ علَى إبْرَاهِيمَ وعلَى آلِ إبْرَاهِيمَ؛

إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، وَبَارِكْ عَلى مُحَمَّدٍ وعلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كما بَارَكْتَ علَى إبْرَاهِيمَ وعلَى آلِ إبْرَاهِيمَ؛ إنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ).

( Аллóхlумма солли lалá Мухьаммадин ва lалá áли Мухьаммадин, камá соллайта lалá Ибрóхlи́ма ва lалá áли Ибрóхlи́ма; иннака Хьами́дун Мажи́дун. Ва бáрик lалá Мухьаммадин ва lалá áли Мухьаммадин, камá бáрокта lалá Ибрóхlи́ма ва lалá áли Ибрóхlи́ма; иннака Хьами́дун Мажи́дун.)[1].

Диъ хIуманах АллахIаца ларлуш, олу:

( اللَّهُمَّ إنِّي أَعُوذُ بِكَ مِن عَذَابِ جَهَنَّمَ، وَمِنْ عَذَابِ القَبْرِ، وَمِنْ فِتْنَةِ المَحْيَا وَالْمَمَاتِ، وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ المَسِيحِ الدَّجَّالِ).

(Аллóх1умма ин-ни́ а1ýзу би-ка мин 1азáби джах1аннама ва мин 1азáби-ль-къобри ва мин фитнати-ль-махьйá ва-ль-мамáти ва мин шарри фитнати-ль-маси́хьи д-даджжáль.)[2].

Цул тIаьхьа, цо шена луъучу дуьненан а, эхартан а дика доьхаш доIа до. Шен дена-нанна я кхечу бусалба нахана доIа дарх а хIумма дац – и ламаз парз делахь а, суннат делахь а. ХIунда аьлча, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дашо и юкъарлоцуш ду, цо Ибн МасIудна (Дела реза хуьлда цунна) ташаххIуд Iамош аьллачу хьадисехь:

---

[1] Бухáрис дийцина, лоьмарца (797), Муслимас а, лоьмарца (402).

[2] Аль-Бухáрис (1311), Муслима а (588) дийцина.

(ثُمَّ لِيَتَخَيَّرْ مِنَ الدُّعَاءِ بَعْدُ أَعْجَبَهُ إِلَيْهِ فَيَدْعُو).

«Цул тӀаьхьа, дуӀанех шена уггаре а дукхаезнарг хаьржина, и дийр ду»[1]. Кхечу риваятехь:

(ثُمَّ لِيَخْتَرْ مِنْ الْمَسْأَلَةِ مَا شَاءَ).

(ТӀаккха харжийла цо доӀанах шайна луъург)[2].

ХӀóкхо шен чулоцу лайна дуьненахь а, эхартахь а пайда беш долу дерриг а хӀума. ТӀаккха шен аьтту а, аьрру а агӀор салам ло, олуш: «Ассала́му Ӏалайкум ва рохьматулла́хӀ, Ассала́му Ӏалайкум ва рохьматулла́хӀ».

14- Нагахь ламаз кхаа ракаӀатах лаьтташ делахь, маьркӀаж-ламаз санна, я диъ ракаӀат долуш делахь, делкъа, малхбуза, пхьуьйра ламазаш санна, цо хьалха хьахийна долу атхьиг доьшу, Пайхамарна (АллахӀера салам-маршалла хуьлда цунна) салават а дуьллаш. ТӀаккха, «Алла́хӀу а́кбар» аьлла, шен куьйгаш белшашна я лергашна дуьххьал ай а дина, голашна тӀе а тевжаш, хьалагӀотту. Цо шен куьйгаш, хьалха ма-аллара, некха тӀе охьадуьллу, ткъа «Аль-Фатихьат» сурат ша цхьаъ доьшу. Нагахь цо наггахь делкъа-ламазан кхоалгӀачу а,

[1] Ан-Наса́ис дийцина, лоьмарца (1298).

[2] Муслима дийцина, лоьмарца (402).

доьалгӀачу а ракаӀатехь «Аль-Фатихьат» суратна тӀе кхин сурат а дешахь, цунах хӀумма а дац, хӀунда аьлча иза Пайхамара (АллахӀера салам-маршалла хуьлда цунна) дина хилар Абу СаӀи́да (АллахӀ реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь чӀагӀделла долу дела. Нагахь цо хьалхарчу атхьигал тӀаьхьа Пайхамарна (АллахӀера салам-маршалла хуьлда цунна) салават диллар дитахь а, цунах хӀумма а дац, хӀунда аьлча иза хьалхарчу атхьигехь тӀедожийна (важиб) дац, ткъа дича дика долуш (мустахьабб) ду. ТӀаккха цо маьркӀаж-ламазан кхоалгӀачу ракаӀатал тӀаьхьа а, делкъа, малхбуза, пхьуьйра ламазийн доьалгӀачу ракаӀатал тӀаьхьа а атхьиг доьшу, ши ракаӀат долчу ламазехь хьалха ма-дийццара. ТӀаккха аьтту а, аьрру а агӀор салам ло. Кхузза Астаг1фиру-Ллох1 оли, тӀаккха олу:

(اللَّهُمَّ أَنْتَ السَّلَامُ وَمِنْكَ السَّلَامُ، تَبارَكْتَ يا ذَا الجَلَالِ وَالإِكْرَامِ).

(Аллох1умма анта с-Саля́му ва мин-ка с-саля́му таба́рокта йа́ За-ль-джаля́ли ва-льикро́м)[1]. Нахана тӀевирзале хьалха, нагахь иза имам велахь, тӀаккха олу:

(لا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وحْدَهُ لا شَرِيكَ لَه، لَهُ المُلْكُ، ولَهُ الحَمْدُ، وَهوَ عَلَى كُلِّ شيءٍ قَدِيرٌ،
لَا حَوْلَ وَلَا قُوَّةَ إِلَّا باللهِ، اللَّهُمَّ لَا مَانِعَ لِمَا أَعْطَيْتَ، ولَا مُعْطِيَ لِمَا مَنَعْتَ، وَلَا يَنْفَعُ

[1] Муслима дийцина, лоьмарца (591).

ذَا الجَدِّ مِنْكَ الجَدُّ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ، لَهُ النِّعْمَةُ وَلَهُ الفَضْلُ، وَلَهُ الثَّنَاءُ الحَسَنُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَو كَرِهَ الكَافِرُونَ).

(Ла́ Ила́хIа Илла́Лло́хIу вахьдах1у ла́ шари́йка лах1у, лах1уль-мулку, ва лах1уль-хьамду, ва хIува 1ала́ кулли шайъин къоди́йрун, ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ биЛла́хI, Алло́хIумма ла́ ма́ни1а лима́ а1тIойта, ва ла́ му1тIыя лима́ мана1та, ва ла́ йанфа1у заль-джадди минкаль-джадду, ла́ Ила́хIа иллаЛло́хI, ва ла́ на1буду илла́ ийййа́хI, лах1ун-ни1мату ва лах1уль-фадлу, ва лах1ус-сана́-уль-хьасану, ла́ Ила́хIа иллаЛло́хIу мухлисына лах1уд-ди́йна ва лав карихIаль-ка́фиру́н)[1].

иштта Ткъе кхойттаза «СубхьаналлахI» а, ткъе кхойттаза «АльхьамдулиллахI» а, ткъе кхойттаза «АллахIу акбар» а олу, тIаккха бIе кхачош олу: «Ла́ ила́хIа иллаЛла́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахI, лахIул-мулку ва лахIул-хьамду, ва хIува Iала́ кулли шайъин къади́р». ХIора ламазал тIаьхьа «Аятал-Курсий» а, «КъулхIуваллахIу ахьад» а, «Къул аIу́зу би-роббил-фалакъ» а, «Къул аIу́зу би-роббин-на́с» а доьшу. Iуьйранан а, маьркIажан а ламазашна тIаьхьа и кхо сура кхузза дешар мустахьабб ду, Пайхамара ﷺ иза дийцина долу хьадисаш хиларна. И дерриг а зикраш суннат ду, фарз дац.

1 Муслима дийцина, лоьмарца (402)

ХIора бусалба стагана а, зудчунна а шарIо хIоттийна ду: делкъа-ламазал хьалха диъ ракаIат а, цул тIаьхьа ши ракаIат а; маьркIаж-ламазал тIаьхьа ши ракаIат; пхьуьйра-ламазал тIаьхьа ши ракаIат; Iуьйра-ламазал хьалха ши ракаIат ламаз дар. Дерриге а цхьана – шийтта ракаIат хуьла. ХIокху ракаIатех «рава́тиб» олу; хIунда аьлча, Пайхамара (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) цIахь волуш уьш даима лардорадер. Амма новкъахь волуш, цо уьш дуьтуш хилла, Iуьйра-ламазан суннат а, витр-ламаз а доцург. Бакъдолуш, цо (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) и шиъ лардеш хилла цIахь а, новкъахь а волуш. Ткъа гIолехь дерг - хIара ратибаташ а, витр а цIахь дар ду, нагахь цо уьш маьждигехь дахь а, хIумма а дац; Пайхамара ﷺ аьлла дера:

(أَفْضَلُ صَلَاةِ المَرْءِ فِي بَيْتِهِ، إِلَّا الصَّلَاةَ المَكْتُوبَةَ).

(Стаган уггар дика ламаз – шен цIахь динарг ду, парз ламаз доцург)[1].

Ткъа хIара ракаIаташ лардар Ялсамани вахаран бахьанех ду, Пайхамара (Делера салам а, маршалла а хуьлда цунна) аларна:

(مَنْ صَلَّى اثْنَتَيْ عَشْرَةَ رَكْعَةً فِي يَومٍ وَلَيْلَةٍ، بُنِيَ لَه بِهِنَّ بَيْتٌ فِي الجَنَّةِ).

(Цхьана дийнахь-буса шийтта ракаIат ламаз

---

[1] Аль-Бухарис дийцина, лоьмарца (6860).

диначунна, царна дуьхьал Ялсаманехь цӀа доьгӀна хир ду)[1].

Нагахь цо малх-буза ламазал хьалха диъ ракаӀат, маьркӀаж-ламазал хьалха ши ракаӀат, пхьуьйра-ламазал хьалха ши ракаӀат ламаз дахь – иза дика ду; хӀунда аьлча, Пайхамарера ﷺ иза чӀагӀдеш сахьихь хӀума деана ду. Иштта, нагахь цо делкъа-ламазал тӀаьхьа диъ а, цунал хьалха диъ а ракаӀат ламаз дахь, иза а дика ду; Пайхамара ﷺ аларна:

(مَنْ حَافَظَ عَلَى أَرْبَعِ رَكَعَاتٍ قَبْلَ الظُّهْرِ، وَأَرْبَعٍ بَعْدَهَا حَرَّمَهُ اللَّهُ عَلَى النَّارِ).

(Делкъа-ламазал хьалха диъ ракаӀат а, цул тӀаьхьа диъ ракаӀат а лардинарг, АллахӀа жоьжахатин цӀарна хьарам вийр ву)[2].

Цуьнан маьӀна и ду: делкъа-ламазал тӀаьхьа ратӀибат-суннатана тӀе кхин а ши ракаӀат тохар; хӀунда аьлча, ратӀибат-суннат иза – цул хьалха диъ ракаӀат а, цул тӀаьхьа ши ракаӀат а ду.

Цо цул тӀаьхьа кхин а ши ракаӀат тӀетоьхча, Умм Хьабибатан (АллахӀ реза хуьлда цунна) хьадисехь хьехийнарг кхочушхуьлу.

Аьтто луш верг АллахӀ ву. АллахӀера салам-салават хуьлда вайн Пайхамарна, ӀабдуллáхӀан кӀантана Мухьаммадна, цуьнан доьзална а,

[1] Муслима далийна, лоьмарца (728).

[2] Иза дӀадийцина Ахьмада (25547), ат-Тирмизийс (393), Абу Давуда а (1077).

асхьабашна а, Къематде кхаччалц дикаллица царна тӀаьхьабаьзначарна а.

❇❇❇

رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

رسالة الحرمين

# Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque and the Prophet's Mosque in languages.